

Gid Pratik
Dwa Travay Ayisyen

PREMYE EDISYON, 2017



International
Labour
Organization



DONE KATALOG BIBLIKASYON ILO

Better Work Haiti.

Gid Pratik, Dwa Travay Ayisyen

òganizasyon Entènasyonal Travay

travay / ayisyen / endistri / dwa

Mars 2017

Tout dwa rezève © Òganizasyon Entènasyonal Travay (OIT) ak Sosyete Finansyè Entènasyonal (SFI).

Pibliye pou premye fwa nan lane 2017

Piblikasyon OIT yo jwi pwoteksyon dwa otè anba Pwotokòl 2 ki nan Konvansyon Inivèsèl dwa otè. Sepandan, gen posibilite pou repwodui ti pati tou kout ladan yo san otorizasyon, ak kondisyon ke sous kote l sòti a endike klèman. Pou dwa repwodiksyon oswa tradiksyon, demann yo dwe prezante bay OIT, li menm kap reprezante tou de òganizasyon yo: Piblikasyon OIT yo (Dwa ak Otorizasyon), Òganizasyon Entènasyonal Travay, CH-1211 Genève 22, Suisse, oswa voye yon imèl nan: pubdroit@ilo.org. SFI ak OIT ap byen kontan aksepte demann sa yo.

Bibliyotèk, enstitisyon ak lòt itilizatè ki anrejistre nan òganizasyon pou dwa repwodiksyon ka fè kopi annakò avèk lisans ke yo te ba yo nan objektif sa a. Vizite www.ifrro.org pou w ka jwenn òganizasyon pou dwa repwodiksyon ki baze nan peyi ou.

Tout sa ki di nan Konvansyon sa a, ki annakò avèk pratik Nasyon Zini, ak prezantasyon materyèl genyen ladan l, pa vle di ke SFI oswa OIT gen yon opinyon konsènan estati legal peyi a, otorite li yo, oswa konsènan limit fontyè li yo.

Responsabilite pou opinyon ki ekri nan atik, etid ak lòt kontribisyon repoze sèlman sou do otè yo epi piblikasyon an pa vle di ke SFI oswa OIT dakò avèk opinyon ki bay nan atik sa yo.

Menm si gen non konpayi ak pwodwi ak pwosis komèsyal ki site, sa pa vle ke SFI oswa OIT dakò avèk yo, epitou menm si gen non konpayi ak pwodwi ak pwosis komèsyal ki pa site, sa pa vle di ke yo pa dakò avèk yo.

Nou ka jwenn tout sa OIT pibliye nan pi gwo libreri yo oswa nan biwo OIT genyen nan plizyè peyi, oswa dirèkteman nan Piblikasyon OIT, Biwo Entènasyonal Travay, CH-1211 Genève 22, Suisse. Tout katalòg oswa lis nouvo piblikasyon yo disponib gratis nan adrès ki anwo a, oswa pa imel: pubvente@ilo.org

Vizite sit entènèt nou an: www.ilo.org/publns

FINANSMAN

Better Work Haiti is se yon patenarya ant Òganizasyon Entènasyonal Travay (OIT) ak Sosyete Finansyè Entènasyonal (SFI). Pwogram Ayiti an jwenn finasman nan men Depatman Travay Etazini.

REMÈSIMAN

Nou remèsye espesyalman **Olivier Désiré** ak **Nat'halié Guerrier Nécence** ansyen konseye antrepriz nan BWH, Direktè Adjwen pou zafè travay Mèt **Jules Moise**, ekip **Pwojè OIT/MAST** la ak ekip ki nan **Gwoup Travay MAST** la, pou sipò yo pandan preparasyon ak finalizasyon gid pratik la.

EDITING

Claudine François, Responsab Pwogram, Better Work Haiti

Anne Ziebarth, Avoka, Better Work

Rolf Berthold, Responsab Relasyon Endistriyèl, Better Work Haiti

Jules Moise, Direktè Adjwen, Ministè Afè Sosyal ak Travay(MAST), Ayiti

Better Work Haiti

#2, Juvenat 1, Petion-ville, Haiti (W.I)

Tel: (509) 28 16 26 46

Email : haiti@betterwork.org

Website: www.betterwork.org/haiti

Tab Matyè

Prefas 3

Entwodiksyon.....	4
1. Laj.....	8
1.1 - Laj legal pou pase yon kontra travay e pou travay	8
2. Diskriminasyon.....	9
2.1 - Definisyon ak kritè	9
2.2 - Asèlman seksyèl	9
3. Libète sendikal	10
3.1 - Prensip libète sendikal	10
3.2 - Fòmasyon yon sendika	10
3.3 - Fasilite sendikal yo ak pwoteksyon dwa sendikal la kont pratik antisendikal.....	11
3.4 - Enjerans	11
3.5 - Kòd travay, Atik 241 ak 242.....	12
3.6 - Grèv ak lokawout.....	13
3.7 - Kontra travay kolektif	13
4. Travay fòse.....	16
4.1 - Definisyon	16
4.2 - Lò siplemanchè envolonchè anba menas sanksyon.....	17
5. Kontra Travay ak Resous imèn	20
5.1 - Kontra travay	20
5.2. Resous Imèn.....	23
6. Tan Travay	29
6.1 - Tan nòmral travay.....	29
6.2 - Tan pòz.....	29
6.3 - Lò siplemanchè ak limit	30
6.4 - Travay lannuit.....	30
6.5 - Jounen miks	32
6.6 - Repo chak semèn, jou ferye chome ak jou chomaj otorize pa arete prezidansyèl	32
7. Salè ak Avantaj sosyal	36
7.1 - Salè	36
7.2 - Avantaj sosyal.....	37
8. Konfli Travay.....	42
8.1 - Definisyon	42
8.2 - Rezoud konfli nan travay.....	43
9. Sante ak Sekirite nan Travay	45
9.1 - Dispozisyon jeneral.....	45
9.2 - Pwoteksyon travayè yo kont danje	46
10. Chanjman anplwayè.....	50
11. Lòt bagay	51
11.1 - Enfòmasyon sou endistri rad ann Ayiti	51
11.2 - Pwogram Better Work ann Ayiti	52
12. Anèks.....	54
12.1 - Bòn pratik, sante ak sekirite nan travay.....	54
12.2 - Pwosedi Medyasyon.....	57
13. Abreviyasyon	58

Prefas

Better Work Ayiti se yon pwogram patenarya ant Òganizasyon Entènasyonal Travay (OIT) ak Sosyete Finansyè Entènasyonal (SFI). Pwogram nan te kòmanse fè evalyasyon epi ofri sèvis- konsèy nan lane 2009. Objektif pwogram sa a se ankouraje konpetitivite nan endistri rad la an Ayiti pandan lap ranfòse pèfòmans ekonomik nan nivo antrepriz yo ak amelyore jan yo respekte Kòd Travay peyi dayiti ak Deklarasyon OIT sou prensip ak dwa fondamantal nan travay. Pwogram nan gen yon Komite Konsiltatif Pwojè a (CCP), ki gen ladan reprezantan gouvènman ayisyen an epitou reprezantan òganizasyon sendikal ak patwonan yo.

Pwogram Better Work la mete kanpe yon mekanis dyalòg sosyal ak koperasyon efikas nan espas travay la ki sèvi kòm yon baz pou devlopman dirab. Pou rive jwenn objektif sa a, anplwayè yo ak anplwaye yo dwe byen konnen dwa yo ak responsablite yo règlemante pa lalwa. Se poutèt sa, li esansyèl pou fè moun ki gen enterè nan sektè a konnen tout kalite enfòmasyon sou lwa travay la.

Better Work Ayiti te prepare gid sa a nan tèt kole avèk Direksyon zafè Travay, pou l ka bay enfòmasyon debaz sou dwa travay peyi dayiti nan yon fason ki fasil pou konprann pou tout kalite lektè. Nou espere ke piblikasyon sa a pral yon kontribisyon efikas pou konsolide konfòmite sosyal la, bon jan relasyon travay, yon bon anbyans travay, epi pou pote anpil avantaj pou konpayi yo ak sosyete a.

Desanm 2016

Jacques Belzin

Direktè zafè Travay

Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST)

Entwodiksyon

Better Work Ayiti te prepare gid sa a pou l ede anplwayè yo, travayè yo, achte entènasyonal yo ak tout lòt moun ki gen enterè nan sektè a pou yo pi byen konprann tout obligasyon ak dwa dapre sa lalwa sou zafè travay peyi dayiti egzije. Gid sa a gen ladan prensipal sous dwa travay peyi dayiti nan yon sèl ti liv ki fasil pou itilize.

Pou chak sijè, tout eleman kle ki nan lwa a jwenn yon eksplikasyon nan yon langaj fasil pou konprann. Sous lwa a ki enpòtan pou chak seksyon yo byen ranje pou moun ka al li tèks legal yo si yo vle. Gid la gen ladan tout aspè legal ki pi enpòtan nan lwa travay ayisyen an, anplis li gen ladan règleman ak desizyon ki gen rapò ak sektè tekstil la. Gid la reflekte tout nòm ke lalwa nasyonal fikse. Sepandan, pou dwa fondamantal travay yo (libète asosyasyon ak kontra kolektif, eliminasyon travay fòse, abolisyon travay timoun ak eliminasyon diskriminasyon nan travay), Better Work Ayiti evalue konfòmite a annakò ak nòm fondamantal travay OIT yo.

Better Work Ayiti te kontan travay nan tèt kole ak Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST) pou pwodiksyon piblikasyon sa a. Pou nou, sa reprezante yon kontribisyon enpòtan pou fè respekte nòm yo sou zafè travay ak pou ogmante opòtinite travay nan peyi a.

Novanm 2016

Claudine François

Responsab Pwogram

Better Work Haïti



Apwòch nou kreye chanjman ki pozitif e dirab nan evalyasyon, fòmasyon, sipò ak rechèch ki chanje règleman, atitud ak konpòtman yo. Lè nou pa pataje apwòch nou ak rezilta travay nou yo nan domenn sa, n'ap chèche enfliyanse moun ki la pou pran desizyon pou ankouraje pi bon kondisyon travay ak pi bon biznis.

Prensip ak dwa fondamantal nan travay



1. Laj

1.1 - LAJ LEGAL POU PASE YON KONTRA TRAVAY E POU TRAVAY

A) MOUN KI GEN DWA PASE YON KONTRA TRAVAY

Moun ki gen pou pi piti 18 lane e k ap jwi tout dwa sivil yo kapab pase yon konta travay.

Minè ki jwenn otorizasyon pou travay nan men Direksyon Travay la lè moun ki responsab yo fè demand lan, pou kèk travay byen presi, ki mache ak laj yo ak konpetans yo, e ki pa deranje obligasyon lekòl yo.

B) LAJ MINIMÒM POU TRAVAY

Laj minimòm pou travay an n Ayiti nan antrepriz endistriyèl, agrikòl oswa komèsyal se 15 lane.

Chak aplwayè gen obligasyon pou gen yon dokiman idantifikasyon legal avèk foto ki mansyone laj anplwaye yo.

Minè ki gen ant 15 ak 18 lane ka travay nan antrepriz yo sèlman si yo rekonèt yo kapab fè travay yo pwal bayo fè a, aprè yon ekzamen medikal toutotan anplwayè yo respekte kèk kondisyon tankou:

- Yo pa dwe fè djòb ki reprezante yon danje pou sante yo, ki depase fòs yo oswa ki poze yon danje fizik oswa moral, ni yo pa gen dwa travay kote yo sèvi bwason ki gen alkòl.
- Yo pa gen dwa travay nan nwit
- Travay yo pa gen dwa dire twò lontan (C182; R190)
- Fòk yo fè bon jan ekzamen medikal jiskaske yo gen 18 lane
- Fòk Direksyon travay la ba yo yon sètifika oswa yon pèmi travay

Anplwayè a dwe gen yon dosye ki gen ladan l enfòmasyon sou minè kap travay lakay li.

KÒD TRAVAY, ATIK 20

KONVANSYON 138 OIT SOU LAJ MINIMÒM (C138), PARAGRAF 3;

REKÒMANDASYON 146 SOU LAJ MINIMÒM (R146) ; KÒD TRAVAY, ATIK 335

KONDISYON: C138; R146 ;

KONVANSYON 182 SOU PI MOVE KALITE TRAVAY POU TIMOUN (AYITI RATIFYE L);

REKÒMANDASYON 190 SOU PI MOVE KALITE TRAVAY POU TIMOUN ;

KÒD TRAVAY, ATIK 22 PARAGRAF (A), 333 JISKA 339;

ATIK 11 PARAGRAF (B) NAN DEKRÈ 2005 SOU IDANTIFIKASYON NASYONAL LA

2. Diskriminasyon

2.1 - DEFINISYON AK KRITÈ

Daprè konvansyon 111 la, diskriminasyon rasanble tout distenksyon, eskliyon oswa preferans ki baze sou ras, koulè, sèks, relijyon, opinyon politik, orijin nasyonal oswa sosyal, ki ka elimine oswa deranje chans tout moun genyen pou yo jwenn menm opòtinite ak menm tretman nan travay oswa nan okipasyon. Kòd travay la deklare tout travayè yo egalego devan lalwa e dwe jwenn menm pwoteksyon ak menm garanti. (Atik 3)

Kòd travay la entèdi fòmèlman :

- Tout revokasyon kontra travay akòz opinyon travayè a, aktivite sendikal li, relijyon li, si l manm yon asosyasyon sosyal, literè, politik, atistik oswa espòtif otorize, sèks li, ras li (yo konsidere revokasyon kontra sa a yo kòm abizif) (Atik 50)
- Tout diferans salè ant travayè, fanm kou gason, kap fè menm kalite travay (Atik 317);
- Yo fè diferans ant madan marye ak fi ki pa marye, nan sa ki konsène dwa ak obligasyon yo e nan kondisyon reyèl travay yo (Atik 330 paragraf (a));
- Yo revoke travayèz yo sèlman paske yo ansent oswa yap bay timoun yo tete (Atik 330 paragraf (b))

2.2 - ASÈLMAN SEKSYÈL

Asèlman seksyèl se tout konpòtman fizik, vèbal ou non, ki gen rapò ak sèks e ki meprize diyite fanm yo oswa gason yo, e yo konsidere kòm mal plase, derezonab e derespektan pou travayè/yèz lan.

Pou gen asèlman seksyèl nan travay la, se pou travayè yo santi reyaksyon yo genyen devan konpòtman sa a :

- i. Se yon kondisyon pou yo pa pèdi travay yo epi/oswa
- ii. Ap gen yon enpak sou desizyon ki gen rapò ak travay yo epi/oswa
- iii. Ap gen yon enpak sou pèfòmans yo

**KONSTITISYON 1987,
ATIK 35-2;**

**KONVANSYON
111 SOU
DISKRIMINASYON
(TRAVAY AK METYE)
(C111) (AYITI RATIFYE
LI) ;**

**KONVANSYON 100
SOU EGALITE SALÈ
(AYITI RATIFYE
LI) KÒD TRAVAY,
ATIK 3, 50, 317, 330
PARAGRAF (A), (B)**

**KÒD TRAVAY, ARTS
111**

Menm jan an tou, asèlman seksyèl ka sòti nan yon konpòtman ki kreye yon anvivònman opozisyon, menas oswa imilyasyon.

3. Libète sendikal

3.1 - PRENSIP LIBÈTE SENDIKAL

Tout travayè ak anplwayè, sans okenn distenksyon, gen dwa, san otorizasyon alavans, fòmè òganizasyon yo vle, antre nan òganizasyon yo vle, depi yo respekte règleman òganizasyon sa a yo. (C87 paragraf 2; Kòd travay, Atik 225-228).

Yo pa ka fòse okenn moun antre oswa pa antre nan yon sensika. (Kòd travay, Atik 228).

3.2 - FÒMASYON YON SENDIKA

Sendika travayè yo pa ka fòmè avèk mwens pase dis manm; kanta sendika anplwayè yo, minimòm yo egzije a se senk manm. Yo dwe anrejstre nan Diresyon Travay nan yon delè 60 jou ouvrab apati de lè yo fòmè a.

Genyen kat (4) kategori sendika :

- Sendika pwofesyonèl
- Sendika antepriz
- Sendika endistriyèl
- Sendika miks

**KONVANSYON
87 SOU LIBÈTE
SENDIKAL AK
PWOTEKSYON DWA
SENDIKAL (C87)
(AYITI RATIFYE LI) ;**

**KONVANSYON
98 SOU DWA
ÒGANIZASYON AK
NEGOSYASYON
KOLEKTIF (C98)
(AYITI RATIFYE LI) ;**

**KÒD TRAVAY, ATIK
225 JISKA 228**

**KONVANSYON
87 SOU LIBÈTE
SENDIKAL AK
PWOTEKSYON DWA
SENDIKAL (C87)
(AYITI RATIFYE LI) ;**

**KÒD TRAVAY, ATIK
229 JISKA 236, 246**

3.3 - FASILITE SENDIKAL YO AK PWOTEKSYON DWA SENDIKAL LA KONT PRATIK ANTISENDIKAL

Antrepriz yo ta dwe bay reprezantan travayè yo fasilite pou pèmèt yo ranpli fonksyon yo byen vit epi san gaspiye tan, san sa pa deranje bon fonksyonman antrepriz lan (R143)

Reprezantan travayè yo nan antrepriz la dwe benefisye bon jan pwoteksyon kont tout move kalite mezi yo ta ta ka pran kont yo akòz pozisyon oswa aktivite yo kòm reprezantan travayè yo, manm yon sendika, oswa patisipasyon yo nan aktivite sendikal, toutotan yo respekte lwa ak règleman entèn yo, konvansyon kolektif yo oswa lòt aranjman konvansyonèl ki anvigè yo. (R143 paragraf 5) Kèk egzanp move kalite mezi sa a yo se transfere, desann grad, anpeche travayè yo fè lè siplemantè, diminye salè oswa benefis yo, chanje kondisyon travay yo oswa revoke yo.

Kòd travay lan mande pou tout anplwayè ki anpeche yon salarye enskri nan yon sendika, òganize yon asosyasyon sendikal oswa ekzèse dwa sendike li, ki revoke l oswa ba li sispansyon, desann grad li oswa bese salè li, peye yon amand. (Atik 251). Li konsidere tout revokasyon ki fèt akòz aktivite sendikal travayè a tankou yon abi. Nan ka sa a, travayè a gen dwa pou l resevwa domaj-enterè aprè yon jijman tribinal travay la sou demand Direksyon travay la. (Kòd travay, atik 49, 50)

**KONVANSYON
87 SOU LIBÈTE
SENDIKAL AK
PWOTEKSYON DWA
SENDIKAL (C87)
(AYITI RATIFYE LI) ;**

**C98;
REKÒMANDASYON
143 KONSÈNAN
EPREZANTAN
TRAVAYÈ YO (R143);**

**KÒD TRAVAY, ATIK
49, 50, 251**

3.4 - ENJERANS

Gen enjerans lè anplwayè a aji pou li domine, kontwole oswa afebli òganizasyon travayè yo. Gen enjerans si anplwayè a eseye pran kontwòl sendika a nan bay lajan yon fason ke lalwa peyi a pa prevwa. Yo konsidere sa kòm zak enjerans lè yo eseye afebli sendika a nan ofri manm yo lajan soukote pou yo kite sendika a, oswa nan ba yo pwomosyon atifisyèl pou anpeche yo patisipe nan aktivite sendika a.

Daprè lalwa peyi d Ayiti, direktè, administratè, moun kap jere konpayi ak reprezantan patwon an k ap travay nan direksyon ak administrasyon, pa ka vin manm nan yon sendika travayè nan menm antrepriz lan. (Kòd Travay, Atik 229)

Òganizasyon anplwayè ak travayè yo ap benefisye bon jan pwoteksyon kont zak enjerans youn ka fè nan zafè lòt, san nou pa

KONVANSYON98;

**KÒD TRAVAY, ATIK
228, 229, 251**

bliye aksyon anplwayè yo ap fè pou monte òganizasyon travayè avèk lajan ou nenpòt ki lòt bagay, pou yo ka mete òganizasyon sa a yo anba kontwòl patwon an oswa yon òganizasyon anplwayè

3.5 - KÒD TRAVAY, ATIK 241 AK 242

KÒD TRAVAY, ATIK 241 AK 242

Nan aktivite yo, sendika yo genyen kèk obligasyon tankou :

- a. kenbe dosye sou pwosè-vèbal yo, enskripsyon manm yo ak liv kontablite yo;
- b. enfòmè Direksyon travay la, nan kenz jou aprè eleksyon an, sou chanjman ki fèt nan manm Komite Direksyon an;
- c. pandan menm peryòd la, enfòmè Direksyon travay la sou tout chanjman Asanble Jeneral la fè nan estati yo;
- d. chak ane, enfòmè Direksyon travay la sou kantite manm ki anrejistre nan sendika a;
- e. chwazi omwen yon delege pou sèvi reprezantan pèmanan sendika a nan relasyon yo genyen avèk patwon yo epi avèk Direksyon travay la.

Yo entèdi tout sendika pou yo :

- sèvi kareman avèk vyolans sou moun pou fòse yo rantre nan sendika a oswa anpeche yo travay;
- b) ankouraje oswa fè zak kriminel sou pwopriyete moun;
- c) fè espere pou bay fo enfòmasyon nan Direksyon travay la;
- d) angaje nan aktivite komèsyal epi okipe bagay ki pa gen anyen pou wè avèk objektif li.

Lè yo jwenn yon sendika koupab nan youn nan move zak ki site pi wo a yo, Ministè Afè Sosyal, aprè yo fin fè ankèt, ka kontakte Tribinal travay la pou l pran sanksyon kont sendika a.

Sepandan, rechèch Ministè Afè Sosyal la mande yo ap sèlman fèt sou aktivite sendikal ki konsène aplikasyon dispozisyon legal ki gen rapò

ak fonksyònman sendika a.

3.6 - GRÈV AK LOKAWOUT

Grèv se lè yon gwoup travayè antann yo pou kanpe travay nan yon etablisman pou yo jwenn satisfaksyon nan revandikasyon yo prezante bay patwon yo e se kondisyon sa a yo bay pou yo rekòmanse travay.

Lokawout la se lè amplwayè a fèmen yon etablisman oswa li fè anpil nan anplwaye li yo sispann travay nan yon konpayi akòz yon diskisyon, pou li fòse travayè yo aksepte kèk kondisyon travay.

Lalwa garanti e pwoteje dwa pou fè grèv ak lokawout la. Se yon jij nan Tribinal travay la sèlman ki ka deside si grèv la oswa lokawout la ilegal

**KÒD TRAVAY, ATIK
203 AK 211; DEKRÈ
27 ME 1986 - ANÈKS
I NAN KÒD TRAVAY
LAN**

3.7 - KONTRA TRAVAY KOLEKTIF

3.7.1 - DEFINISYON

Kontra travay kolektif la se yon akò sou kondisyon travay yo ki siyen ant:

- 1) Youn oswa plizyè òganizasyon sendikal travayè, oswa, si pa gen òganizasyon sa a yo, reprezantan travayè ki dakò epi ki jwenn manda nan men travayè yo, yon bò;
- 2) Youn oswa plizyè òganizasyon anplwayè oswa nenpòt lòt gwoup anplwayè oswa yon sèl oswa plizyè anplwayè endividyèlman, yon lòt bò. (Atik 53)

3.7.2 - DISPOZISYON JENERAL

Si yon sendika egziste, patwon an pa dwe afebli l nan negosye dirèkteman ak reprezantan travayè yo chwazi yo. Negosyasyon yo dwe fèt nan konfyans, tou de pati yo dwe negosye e aksepte fè konpwomi, diskite pou rive jwenn yon solisyon ki gen sipò tout moun.

**KONVANSYON 98;
KÒD TRAVAY, ATIK
53 JISKA 70**

**KÒD TRAVAY, ATIK
53, 59, 61, 68, 70**

Nan yon antrepriz kote de tyè nan travayè yo afilye avèk yon asosyasyon sendikal, patwon an oblije siyen yon kontra travay kolektif avèk sendika a si l mande sa; menm jan an tou, sendika a oblije siyen yon kontra kolektif ak patwon an si l maden sa. (Atik 68)

Kontra kolektif yo ka gen dispozisyon ki pi favorab pou travayè yo pase sa ki nan Kòd travay la yo, men pa gen okenn lòt jan y ap ka diferan ak Kòd travay la. (Atik 53). Avantaj ak obligasyon ki genyen nan kontra travay kolektif la pou tout anplwaye, kit yo afilye kit yo pa afilye ak sendika a, epi k ap bay sèvis nan enstitisyon akò kolektif la kouvri yo. (Atik 59) Lè anplwayè a pran angajman respekte kondisyon ki nan kontra travay kolektif la yo, kondisyon sa a yo kouvri kontra travay endividyèl ki siyen avè l tou, sòf si dispozisyon ki nan kontra sa a yo pi avantaje pou anplwaye yo. (Atik 61)

Si gen plizyè sendika nan menm konpayi a, kontra kolektif yo ka kowegziste. Toutfwa, si nan yon kontra kolektif gen kondisyon ki bay travayè yo plis avantaj pase kondisyon yon lòt kontra kolektif ki konsène yon lòt gwoup travayè, se kontra ki bay plis avantaj la kap aplike, depi kontra yo konsène yon travay ki fèt nan menm kondisyon yo. (Atik 70)

3.7.3 - ANDEDAN KONTRA A, ANREJISTREMAN AK PIBLIKASYON

Yo ta dwe ekri kontra travay kolektif yo an kat (4) orijinal, de (2) pou Direksyon Travay la ak youn pou chak pati yo. Yo dwe ekri an kreyòl oswa an franse.

Kontra sa a yo antre anvigè kou yo fin anrejistre yo nan Direksyon travay la. Anrejistremman an dwe fèt nan yon delè ki pa depase uit (8) jou aprè siyati l. Anrejistremman yo dwe pibliye nan yon jounal ki sòti chak jou nan vil kote antrepriz la etabli a oswa nan yon jounal ki sòti nan kapital la pa pi ta pase dis (10) jou aprè anrejistremman an

Nenpòt ki kontra travay kolektif dwe gen ladann l pwen ki pi ba a yo :

1. Non, siyati ak kalite moun k ap siyen kontra a ak dat li antre anvigè a;
2. Egzèsis dwa sendikal travayè yo libelibè. Sèvis òganizasyon sosyal ki nan Direksyon travay la responsab pou kontwòle si wi ou non yon kontra travay kolektif genyen kon-disyon ki vyole libète sendikal la;
3. Salè pou chak kategori anplwaye, ogmantasyon yo dwe bay, bonis ak lòt benefis ki gen rapò ak salè yo;

**KÒD TRAVAY,
ATIK 55, 63, 65**

4. Ki lè, ki jan e ki kote yo fè pewòl, tout kote yo bay sèvis oswa fè travay la;
5. Anons prensip egalite salè pou yon travay egal, kit se travayè lokal oswa etranje, fanm oswa gason;
6. Kondisyon pou anplwaye oswa revoke travayè;
7. Kondisyon travay yo;
8. Tout dispozisyon ki esplike pwosesis pou revize, chanje, anile ak denonse tout oswa yon pati nan kontra a;
9. Kondisyon pou òganizasyon ak fonksyònman aprantisaj ak fòmasyon pwofesyonèl la pou nasyonalize teknisyen byen vit sizoka yo ta fè teknisyen etranje antre;
10. Kondisyon patikilye pou travay fanm ak minè;
11. Ki kote e nan ki dat y ap finalize kontra a e pran siyati pati yo oswa reprezantan yo.

3.7.4 - POU KONBYEN TAN YO LA, MODIFIKASYON E METE FEN NAN KONTRA TRAVAY KOLEKTIF YO

Kontra travay kolektif yo kapab valab pandan yon tan ki limite oswa ilimite. Lè yon kontra kolektif siyen pou yon peryòd fiks, li pa ka valab pou mwens pase yon (1) lane ni depase senk (5) lane. Si yo pa presize peryòd la, se kòm si l te valab pou yon (1) lane.

Kontra travay kolektif ki gen dat finisman e ki pral ekspire yo renouvlab otomatikman amwens ke te gen yon lòt antant. Kontra travay kolektif ki pa gen dat finisman yo ka sispann si se volonte yon sèl nan pati yo men fòk yo respekte dispozisyon ki te prevwa pou sa yo, san deranje dispozisyon ki nan Kòd travay la konsènan revokasyon kontra travay ak delè avètisman an.

Kèlkeswa rezon ki lakòz revokasyon yon kontra travay kolektif, sa pa dwe fè ke kondisyon travay yo vin mwen favorab pou travayè yo si konpayi a ap kontinye fonksyone.

Kontra kolektif la fini:

- lè yo anile tout kontra oswa kòmand konpayi an oswa youn nan pati ki siyen konvansyon kolektif lan;

**KÒD TRAVAY, ATIK
55 JISKA 57, 67, 69**

- lè tout pati yo dakò pou yo fè sa;
- pou tout rezon ki prevwa nan konvansyon an menm;
- lè tout sendika oswa yon sèl nan sendika ki te nan konvansyon kolektif la yo kraze;
- pa denonsyasyon, aprè yon lane, si se yon konvansyon kolektif kip a gen dat finisman. Nan dènye ka sa a, konvansyon kolektif la fini otomatikman twa mwa aprè notifikasyon denonsyasyon an (Art 69)

4. Travay fòse

4.1 - DEFINISYON

Travay fòse Yo di gen travay fòse lè yo egzije yon moun fè yon travay oswa bay yon sèvis anba menas yon pinisyon alòske moun nan pa t ofri tèt li volontèman. Yo pa ka fòse okenn sitwayen travay eksepte lè se lalwa ki kondane l.

MEN KÈK EGZANP PINISYON :

Diminisyon salè, sispansyon, revokasyon, pa kite moun nan travay nan lè siplemantè ankò, ak menas sanksyon.

MEN KÈK EGZANP MEZI PRESYON :

Anpeche travayè yo sòti avèk presyon fizik oswa nan fèmèn pòtay yo a kle oswa ak lòt mwayen ki parèy ki anpeche yo kite travay la e ki fòse yo travay san konsantman yo.

**KONVANSYON SOU
TRAVAY FÒSE (C29)
(AYITI RATIFYE LI);**

**KONVANSYON SOU
ABOLISYON TRAVAY
FÒSE (C105) (AYITI
RATIFYE LI); KÒD
TRAVAY, ATIK 4**

4.2 - LÈ SIPLEMANTE ENVOLONTÈ ANBA MENAS SANKSYON

Anplwayè an dwe gen konsantman chak travayè pou yo travay pandan lè siplemantè kèlkeswa kantite lè siplemantè ki nesèsè a.

Ka gen travay fòse si travayè yo :

- Oblije travay lè siplemantè pou yo touche salè minimòm referans la, si yo pa ka chwazi refize travay la e/oswa si y ap travay anba menas pinisyon

Oswa

- Oblije travay lè siplemantè depase limit lalwa nasyonal la fikse san y opa dakò e/oswa si y ap travay anba menas pinisyon.

Oswa

- Oblije travay lè siplemantè san yo pa peye yo e/oswa anba menas pinisyon, pou yo reyalize objektif pwodiksyon yo.

Pou detèmine si travayè a chwazi fè travay la san yo pa fòse l, yo ka konsidere frajilite travayè a tou.

EGZANP TRAVAY FÒSE :

Faktori XYZ gen abitud make lè sòti ouvriye yo aprè 8 èdtan travay alòske yo kontinye travay fè lè siplemantè san yo pa peye yo pou yo ka rive atenn objektif pwodiksyon yo. Tout travayè ki refize koube anba pratik sa a ap jwenn yon sispansyon nan pwochen jou travay la.

Dwa Travay Ayisyen

B

5. Kontra Travay ak Resous imèn

5.1 - KONTRA TRAVAY

5.1.1 - DEFINISYON

Yon kontra travay se yon akò yon moun siyen pou li lwe sèvis li bay yon lòt moun k ap kontwòle l, ki sou tèt li e k ap peye l. Yon kontra travay endividyèl ka you akò vèbal oswa ekri.

Yon kontra travay endividyèl, lè li se you akò ekri, dwe fèt an franse oswa an kreyòl an de orijinal ki pral jwenn chak nan pati k ap siyen yo.

5.1.2 - DIFERAN KALITE KONTRA

a) Kontra ak dat finisman/pou yon ti tan

Kontra ak dat finisman yo se yon kontra kote pati yo fikse davans dat kontra a ap fini.

b) Kontra san dat finisman

Kontra san dat finisman an se yon kontra kote dat finisman an pa fikse davans. Kidonk, kontra sa a ka kanpe nenpòt ki lè jan travayè a oswa anplwayè a vle sa, nan respè dispozisyon legal ki reglemante revokasyon kontra travay yo.

Y ap konsidere yon kontra pwovizwa ki renouvle otomatikman tankou yon kontra san dat finisman, ki bay travayè yo tout benefis ak avantaj legal ki nan kalite kontra sa.

c) Kontra aprantisaj

Yon kontra aprantisaj se yon akò kote yon moun dakò pou travay pou yon lòt moun oswa yon antrepriz, ann echanj fòmasyon pwofesyonèl li jwenn nan men moun nan oswa yon fòmasyon nan yon metye. Pou antre nan yon aprantisaj, moun nan dwe gen pou pi piti 14 lane.

**KONSTITISYON 1987,
ATIK 5 PARAGRAF 2;**

**KÒD TRAVAY, ATIK
13, 16, 21**

**KÒD TRAVAY, ATIK
17, 72 JISKA 78, AK
ATIK 113**

Kontra aprantisaj la dwe anrejistre nan Direksyon Mendèv. Direksyon Mendèv la fikse yon tan aprantisaj pou chak metye. Konpansasyon an pa dwe janm pi piti pase 40% salè minimòm legal la.

5.1.3 - KISA KI NAN KONTRA TRAVAY LA

Kontra ekri a oblije gan bagay sa a yo ladan :

- i. Nimewo kat idantite chak moun kap siyen kontra a avèk nimewo livrè travay lan;
- ii. Non, prenon, nasyonalite, laj, sèks, okipasyon, eta sivil;
- iii. Endikasyon egzak sou rezidans travayè a;
- iv. Longè avèk orè jounen travay yo;
- v. Ki kalite travay ki dwe fèt la;
- vi. Ki kote travay la dwe fèt;
- vii. Salè a;
- viii. Siyati tou de pati ki nan kontra a oswa mak dwèt avèk siyati de temwen pou pati ki pa kapab oswa ki pa konnen siyen ; ki kote ak kil è yo siyen kontra a.

**KÒD TRAVAY, ATIK
22**

5.1.4 - OBLIGASYON MOUN KI SIYEN KONTRA YO

a) Men obligasyon travayè a :

- i. respekte orè konpayi a e respekte dispozisyon legal oswa règleman travay yo;
- ii. fè travay la avèk swen, konpetans e dilijans ;
- iii. kenbe patwon w enfòmè sou domaj li ta konstate nan matyè premyè oswa nan zouti yo, e ki ta ka lakòz domaj pou konpayi an;
- iv. respekte patwon ak kanmarad travay ou yo;
- v. obeyi endikasyon, lòd ak enstriksyon patwon an oswa moun ki responsab pou jere travay la;
- vi. pa divilge sekre pwodiksyon, fabrikasyon oswa komès konpayi a, pa fè patwon an konkirans epi adopte yon konpòtman moun serye avèk li ;

**KÒD TRAVAY, ATIK
30**

- vii. dedomaje patwon an pou tout domaj li ta responsab nan batiman an, nan matyè premyè yo e nan zouti yo.
- viii. akonpli tout lòt obligasyon ki presize nan kontra a.

b) Men obligasyon patwon an :

- i. presize kondisyon travay yo nan règleman entèn yo, epi fè travayè yo konnen yo;
- ii. mete lokal apwopriye nan dispozisyon travayè yo pou yo travay, san bliye aparèy ak zouti nan bon kondisyon ijyèn, sekirite ak bon fonksionman ki nesèsè;
- iii. peye travayè a, a lè, tout montan kòb ki pwreva nan kontra a, aprè li fin wetire tout chaj legal ak konvansyonèl pou ranbousman prè, avans, pèt ak domaj yo pwouve ki te afekte pwodui yo, byen yo oswa enstalasyon patwon an yo;
- iv. respekte travayè a, veye pou li pa bali move tretman, vèbal oswa fizik;
- v. akonpli tout lòt obligasyon ki make byen klè nan kontra a

5.1.5 - MENDÈV ETRANJE

Okenn etranje paka egzèse okenn metye oswa pwofesyon pou lajan kòm travayè endepandan oswa kòm anplwaye, si l pa t pran davans yon pèmi travay oswa yon pèmi fonksyonman ki soti nan Direksyon Mendèv. Sepandan, yon operatè ak yon anplwaye etranje kap travay nan yon antrepriz ki nan yon zòn franch pa bezwen ni lisans etranje sa a ni pèmi travay la ni pèmi fonksyonman an.

Pèmi travay la pa ka valab pou plis pase yon lane; li renouvlab jiska senk lane youn dèyè lòt suivan desizyon Direksyon Mendèv la.

KÒD TRAVAY, ATIK 31

**KÒD TRAVAY, ATIK
306 JISKA 315;**

**LWA SOU ZÒN
FRANCH, ATIK 33**

5.2. RESOUS IMÈN

5.2.1 - RÈGLEMAN ENTÈN

Règleman entèn yo obligatwa pou tout anplwayè ki gen 10 anplwaye oubyen plis. Règleman entèn yo dwe jwenn apwobasyon Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST). Okenn dispozisyon nan règleman entèn yo pa dwe mwen favorab pou anplwaye yo oswa kontrè a lalwa sou travay yo.

Règleman entèn yo dwe obligatwaman gen ladan yo :

- règ sante ak sekirite nan travay;
- enstriksyon sou prevansyon aksidan ak premye swen pou bay an ka aksidan;
- lè antre ak lè sòti pou travayè yo;
- plas ak orè jounen travay lan;
- tan pou manje ak pou repo pandan jounen an;
- diferan kategori travayè ak travay okazyonèl;
- divès kalite salè ki koresponn ak kategori travayè yo;
- kote, jou ak lè pewòl la;
- sanksyon ak pwosedi pou aplike yo; avèk
- non anplwaye ki la pou resevwa plent, revandikasyon ak reklamasyon an jeneral.

Yo dwe kominike règleman entèn konpayi an bay anplwaye yo. Tout konpayi ki pa respekte obligasyon pou yo gen yon règleman entèn yo ap gen pou peye yon amann.

5.2.2 - SISPANSYON TANPORÈ KONTRA TRAVAY

Kontra travay la ka sispann nan ka sa yo :

- Lack Pa gen matyè premyè pou kontinye travay la
- Ka fòs majè oswa ka enprevi, ki lakòz travay la kanpe toudsuit men pou yon ti tan.
- Nan ka sispansyon pou yon ti tan akòz yon mank matyè premyè ki pa sòti nan volonte patwon an oswa akòz ka fòs majè oswa ka enprevi (egzanp: katastròf natirèl, aksidan nan faktori a ki gen rapò ak materyèl, dife, elatriye ...) patwon an pa ka responsab.
- Pati ki konsène an gen obligasyon pou avèti Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST) sou tout sispansyon travay san

**KÒD TRAVAY, ATIK
396 JISKA 403**

**KÒD TRAVAY, ATIK
32 JISKA 36**

peye. Se responsablite anplwayè an pou li bay prèv nan ka ta genyen diskisyon.

- Travayè a ka konsidere nenpòt sispansyon tanporè ki depase trant (30) jou tankou si anplwayè a te revoke kontra a. Sepandan, si anplwayè a fè demann lan, Direksyon travay la ka, fè yon ankèt epi otorize yon pwolongasyon sispansyon an pou trant (30) jou oswa yon (1) mwa, san depase limit sa a.
- Nan ka kote MAST otorize pwolongasyon sispansyon tanporè a, kontra travay la pa fini. Aprè sispansyon tanporè an, si travay la pa rekòmanse, kontra a fini e patwon an oblije peye anplwaye a prestasyon legal yo.
- Anplwayè a oblije avèti tout anplwaye yo lè antrepriz la ap rekòmanse travay omwens 24 èdtan davans, swa nan yon avi li pibliye nan jounal oswa sou estasyon radyo, li afiche sou pòtay prensipal konpayi a oswa ak nenpòt lòt mwayen piblisite li jije nesèsè epi efikas. Yo ka anile kontra yon travayè ki pa retounen nan travay la, uit (8) jou aprè notifikasyon an.

Lòt kòz sispansyon kontra travay la san responsablite pou tout pati yo :

- Prizon prevantif pou travayè a pandan mwens pase 30 jou.
- Yon maladi ki konfime ak yon sètifika medikal ki eksplike ke anplwaye an pa kapab ekzekite kontra travay li a nòmalman. Peryòd sispansyon sa a pa dwe plis pase yon peryòd 3 mwa

5.2.3 - REVOKASYON KONTRA AK REZON YO

Revokasyon kontra travay la ka fèt twa (3) fason:

1. Pou rezon legal: san entèvansyon oswa san yon desizyon tribinal.

- a) Tan ki prevwa nan kontra a fini
- b) Travay la fini, nan ka kontra ki siyen pou yon pwojè byen detèmine
- c) Rezon revokasyon ki byen presize nan kontra a
- d) Lanmò anplwaye a oswa ka fòs majè ki pwouve

- e) Konpayi a fèmen nèt aprè lanmò anplwayè a

Revokasyon lejitim kontra endividyèl travay la pap kreye okenn responsablite pou pati ki te siyen kontra a yo nan kat premye ka yo sèlman. Dènye ka a dwe toujou respekte dispozisyon legal yo sou preyavi.

2. Ak konsantman tout pati yo

Nan ka yon kontra travay vèbal, yo ka bay konsantman sa a sou papyè oswa nan bouch devan de temwen. Lè se yon kontra ekri, revokasyon an dwe fèt sou papyè.

Pa p gen responsablite pou okenn nan pati yo si revokasyon kontra travay endividyèl la fèt avèk yon konsantman mityèl.

3. Ak konsantman youn nan pati yo

Yon anplwaye ki ta renmen mete fen nan kontra travay li san pa gen responsablite pou li dwe enfòmè Direksyon Travay la e site youn nan rezon sa a yo :

- a) Patwon an pa peye tout salè yo nan dat ak kote abityèl oswa ki te prevwa yo;
- b) Patwon an di betiz, joure oswa menase li;
- c) Patwon an oswa reprezantan li fè ekspès pou andomaje enstriman oswa zouti travay yo;
- d) Prezans moun ki gen maladi atrapan si travayè a dwe rete an kontak imedyà ak moun ki malad la;
- e) Menas pou sekirite oswa sante travayè a paske pa genyen bon jan kondisyon ijyèn kote l ap travay la, oswa yo pa respekte mezi prevansyon ak sekirite lalwa mande yo.
- f) Patwon an pa respekte obligasyon kontra a oswa obligasyon lalwa yo (ref: Obligasyon moun ki siyen kontra yo, 5.1.4).

Yon patwon ki ta renmen mete fen nan kontra travay yon anplwaye san li pa oblije peye l preyavi dwe enfòmè Direksyon travay ak youn nan rezon sa a yo :

- a) Travayè a frape patwon an oswa yon kamarad li, li di betiz, joure oswa menase yo epi kondwit li pwovoke dezòd grav, deranje disiplin nan e kanpe travay la;
- b) Travayè a atake pwopriyete patwon an;
- c) Absans anplwaye an san motif valab e san otorizasyon patwon an pandan 3 jou suivi oswa kat fwa pandan menm mwa a;
- d) Anplwaye a refize obsève mezi prevansyon aksidan yo oubyen li refize obeyi règleman entèn konpayi an aprè yon avètisman ekri oswa yo ba li devan de temwen;
- e) Travayè an bay referans oswa sètifika pèsònèl ki fo oswa li fè travay li yon fason ki klèman demontre enkapasite li (sa pa aplikab pou travayè ki gen plis pase 4 mwa sèvis suivi).
- f) Travayè a kondane pou pase plis pase yon mwa nan prizon.
- g) Travayè a pa respekte obligasyon kontra ak lalwa mete sou li (ref: Obligasyon moun k ap siyen kontra yo, 5.1.4)

5.2.4 - PREYAVI

Anplwayè oswa anplwaye ki ta renmen mete fen nan yon kontra travay ki ekri dwe anonse lòt pati a davans alekri. Yo ka bay preyavi sa a nan bouch devan de temwen nan ka kote se yon kontra vèbal.

Preyavi a obligatwa sèlman pou anplwaye ki gen omwen twa mwa suivi depi l ap travay avèk anplwayè a. Preyavi a pa nesesè si gen fòt grav oswa si youn nan pati yo fè youn nan vyolasyon nou site piwo yo.

Men kòman pou nou kalkile peryòd preyavi a :

PERYÒD SÈVIS	PERYÒD PREYAVI
Sòti 3 pou rive 12 mwa	15 jou
Sòti 1 pou rive 3 lane	1 mwa
Sòti 3 pou rive 6 lane	2 mwa
Sòti 6 pou rive 10 lane	3 mwa
A pati 10 lane sèvis	4 mwa

Kontra travay la toujou anvigè pandan tout peryòd preyavi a. Pati ki mete fen toudsuit nan kontra travay la dwe peye lòt la montan lajan salè li ta touche si l te travay. (Dedomajman preyavi).

5.2.5 - PRESTASYON LEGAL

Kalkil - Dedomajman preyavi

1. Salè mansyèl : Kalkil la baze sou dènye salè anplwaye a.

Egzanp : Pou yon anplwaye kap touche 10,000 goud chak mwa, kalkil dedomajman preyavi swivan longè peryòd sèvis la pral fèt konsa:

PERYÒD SÈVIS	PERYÒD PREYAVI	DEDOMAJMAN PREYAVI
Sòti 3 pou rive 12 mwa	15 jou	10000 X yon demi (1/2)
Sòti 1 pou rive 3 lane	1 mwa	10000 X 1
Sòti 3 pou rive 6 lane	2 mwa	10000 X 2
Sòti 6 pou rive 10 lane	3 mwa	10000 X 3
A pati 10 lane sèvis	4 mwa	10000 X 4

2. Salè alapwès oswa alatach : kalkil ki baze sou salè mwayen chak jou anplwaye a pou peryòd nou konsidere a.

Salè mwayen chak jou = revni total pou peryòd nou konsidere ¹ a divize pa kantite jou travay li fè ².

Pou konpayi k ap travay ak yon orè de 5 oswa 6 jou pa semèn pou 8 èdtan pa jou.

PERYÒD SÈVIS	PERYÒD PREYAVI	DEDOMAJMAN PREYAVI
3 a 12 mwa	15 jou	1 demi-mwa salè
1 a 3 lane	1 mwa	1 mwa salè
3 a 6 lane	2 mwa	2 mwa salè
6 a 10 lane	3 mwa	3 mwa salè
A pati 10 lane	4 mwa	4 mwa salè

**KÒD TRAVAY, ATIK
46, 47**

**KÒD TRAVAY, ATIK
148**

¹ Total tout pèman anplwaye a resevwa pandan 3 dènye mwa yo avèk lè siplemantè, jou repo chak semèn, jou ferye chome, pèman konje maladi ak matènite

² Kantite jou anplwaye a vrèman travay nan konpayi an (yo pa konsidere jou repo chak semèn, jou ferye chome, peryòd konje maladi ak matènite).

5.2.6 - PWOSEDI DISIPLINÈ

N ap jwenn mezi disiplinè yo nan règleman entèn konpayi an Ministè Afè Sosyal ak Travay te apwouve.

5.2.7 - ÒGANIZASYON DOSYE YO

Kantite reprimand, avètisman ak sispansyon pou chak anplwaye, dat ak rezon yo dwe ekri nan dosye konpayi yo.

5.2.8 - REVOKASYON ABITRÈ E ILEGAL

Yo konsidere kòm abi tout lè patwon an revoke kontra travay la akòz opinyon travayè an; aktivite sendikal, relijye; apatenans li nan yon asosyasyon sosyal, literè, politik, atistik oswa espòtif; sèks li, ras li

Nan ka youn nan pati yo revoke kontra travay la yon fason ki ilegal e/oswa abizif, pati ki leze a ka jwenn domaj-enterè, ki diferan ak dedomajman yo bay lè yo pa respekte preyavi yo. Domaj-enterè sa a yo, se Tribinal travay la, sou demand Direksyon travay la ki fè yon jijman pou bay yo; yo dwe jistifye e, nan okenn ka, yo pa ka depase 12 mwa salè travayè a.

**KÒD TRAVAY, ATIK
399**

**KÒD TRAVAY, ATIK
394, PARAGRAF G**

KONVANSYON 111;

**KÒD TRAVAY, ATIK
49, 50, 87 AK 98**

6. Tan Travay

6.1 - TAN NÒMAL TRAVAY

Tan travay la se tan kote travayè a disponib pou anplwayè a. Ladann, se pou nou wetire peryòd repo kote travayè a pa disponib pou anplwayè a.

Tan nòmal travay la se 8 èdtan pa jou epi 48 èdtan pa semèn. San yo pa depase 9 èdtan nan yon jounen pou etablisman endistriyèl yo, se pou pati konsène yo antann yo pou repati tan travay pa semenn nan yon lòt fason ki diferan de 8 èdtan pa jou, sèlman lè :

- Orè travay la se karant-uit èdtan pa semèn, oswa lè
- Konpayi an itilize sèvis anplwaye yo sis jou pa semèn

Tout lè yo travay an plis tan travay nòmal la se lè siplemantè.

**KÒD TRAVAY, ATIK
95 AK 96**

6.2 - TAN PÒZ

A) POZ MITAN JOUNEN

Sòf si pati yo fè yon lòt antant e avèk yon otorizasyon ekri ki sòti nan Direksyon Travay la, se pou yo bay travayè a yon repo pandan inè edmi pou pi piti nan mitan jounen an. Tan repo sa a pa p antre nan tan nòmal travay lan.

B) PÒZ POU FANM ANSENT

Lè vant fanm ansent lan parèt, se pou yo ba li de moman repo pa jou. Yo chak ap dire omwen demi èdtan, mete sou repo mitan jounen li genyen pou l manje a.

C) PÒZ POU BAY TETE

Yo dwe bay tout manman kap bay pitit li tete, nan kote li travay la, de fwa pa jou, yon repo demi èdtan ki sòti nan jounen travay li a oswa, si

**KÒD TRAVAY,
ATIK 99, 329 AK 331**

I pi pito, yon pòz 15 minit chak 3 èdtan. Tan repo sa yo peye.

6.3 - LÈ SIPLEMANTÈ AK LIMIT

**KÒD TRAVAY, ATIK
97 AK 98**

Lè siplemantè se tout tan travayè a fè ap travay aprè lè nòmal travay la. Yo peye yo ak yon ogmantasyon 50%.

Se pou nou sèvi ak lè siplemantè yo avèk otorizasyon Direksyon travay la, aprè nou fin konsilte òganizasyon sendika travayè yo kote yo egziste. Tan sa a pa ka depase 80 èdtan pa trimès.

Fòmil pou salè fiks

Lè siplemantè = Salè orè x 1,5 (ogmantasyon 50% sou salè orè a)

Egzanp: Pou yon salè 300 goud pa jou (8 èdtan travay) nou pral fè kalkil la konsa :

Salè Orè = 300 goud / pou 8 èdtan = 37.5 goud

Lè siplemantè = 37.5 x 1,5 = 56.25 goud.

Fòmil pou salè alatach oswa alapyès

Lè siplemantè = mwayèn salè orè x 1,5 (majorasyon 50% sou salè orè)

*ref : Prestasyon legal / Salè alapyès oswa alatach, 5.2.5

6.4 - TRAVAY LANNUIT

**KÒD TRAVAY, ATIK
120, 122**

Travay lannuit se travay ki fèt ant 6pm ak 6am. Yo peye yo avèk yon ogmantasyon omwen 50% sou travay lajounen an, san deranje dispozisyon sou pèman travay ki fèt jou dimanch ak jou ferye chome

yo.

Nan ka eksepsyonèl konpayi soutretans entènasyonal ki benefisye egzanpsyon dwa dwan sou enpòtasyon matyè premyè yo itilize yo, travay yo otorize fè lanwit yo peye sou menm baz ak travay lajounen yo, sòf si gen yon lòt antant e sèlman lè konpayi soutretans sa a yo oblije ogmante kantite ouvriye yo pou satisfè bezwen pwodiksyon yo, lè yo anplwaye an pèmanans omwen de ekip ki travay avèk yon sistèm woulman pandan yon tan ki pi long pase uit èdtan nòmal travay lan.

Se Direksyon travay la k ap akòde pèmision an. Pou jwenn otorizasyon sa a, konpayi an dwe detèmine kondisyon travay ekip kap fè woulman yo epi ekri règleman entèn Kòd travay la mande yo epi siyen yon kontra kolektif byen anrejistre nan Direksyon travay la.

Fòmil pou salè fiks

Salè pou travay lannuit = salè lajounen x 1,5 (ogmantasyon 50% sou salè a)

Egzanp: Pou yon salè 300 goud pa yon jou (8 èdtan) nou pral fè kalkil salè lanwit la konsa :

Salè lannwit = 300 goud x 1.5 = 450 goud (8 èdtan)

Salè orè lannuit = 450 goud / pa 8 èdtan = 56,25 goud / pou chak èdtan

Fòmil pou salè alatach oswa alapyès

Salè jounalye pou travay lannuit = Total salè yo touche pandan peryòd la / kantite jou pou travay yo fè a

6.4.1 - LÈ SIPLEMANTÈ LANNUIT

Lè siplemantè lannuit yo peye ak yon ogmantasyon 50% èdtan sou lè nòmal lannuit yo, san deranje dispozisyon sou pèman travay efektye dimanch ak jou ferye chome.

Fòmil :

$$\text{Lè siplemantè lannuit} = \text{Salè orè lannuit} \times 1,5$$

Egzanp :

$$\text{Salè lannuit} = 300 \text{ goud} \times 1.5 \text{ goud} = 450 \text{ goud}$$

$$\text{Salè orè} = 450 \text{ goud} / \text{pa } 8 \text{ èdtan} = 56,25 \text{ goud}$$

$$\text{Lè siplemantè lannuit} = 56.25 \times 1.5 = 84.37 \text{ goud}$$

6.5 - JOUNEN MIKS

Jounen miks la se yon jounen ki gen lè travay lajounen ak lè travay lannuit oswa visevèsa ladann.

Fòmil :

$$\text{Salè jounen miks} = (\text{Salè orè lajounen} \times \text{kantite lè pandan lajounen}) + (\text{Salè orè lannuit} \times \text{kantite lè lannwit})$$

Remak: Y ap peye lè lannuit ki nan yon jounen miks sou baz travay lannuit (egzanp: y ap peye yo a 1,5 (ogmantasyon 50% sou salè)

6.6 - REPO CHAK SEMÈN, JOU FERYE CHOME AK JOU CHOMAJ OTORIZE PA ARETE PREZIDANSYÈL

6.6.1 - 1 REPO CHAK SEMÈN

Après yon peryòd sis jou suivi nan travay (kèlkeswa kantite lè travay pandan peryòd sa a) oswa 48 èdtan pa semèn (ak tout lè siplemantè ladan) tout travayè gen dwa a yon jou repo peye. Jou repo sa a gen ladan omwen venkat (24) èdtan suivi.

Pèman an fèt sou baz salè pa jou a pou travayè ki gen yon salè fiks.

KÒD TRAVAY, ATIK 121

KONSTITISYON AYISYEN, ATIK 275.1;

KONVANSYON SOU REPO CHAK SEMÈN (ENDISTRI) (C14);

KÒD TRAVAY, ATIK 107, 108, 110, 112

KÒD TRAVAY, ATIK 107, 119

Pou travayè alatach oswa alapyès, pèman an baze sou mwayèn salè pa jou a. Se menm bagay pou travayè ki touche yon salè fiks kap travay lè siplemantè.

Nan ka kote travayè yo travay pandan yon jou repo semèn lan, pou nou peye l, men kòman n ap kalkile pèman an :

Fòmil pou salè fiks

$$\text{Jou repo chak semèn} = \text{Salè pa jou} + (\text{Salè pa jou} \times 1,5)$$

Si anplwaye an bay mwens pase 8 èdtan pandan jounen travay la, men kòman n ap fè pèman an:

$$\text{Salè pa jou} + (\text{salè orè regilye} \times \text{kantite èdtan li travay} \times 1,5)$$

Fòmil pou salè alatach oswa alapyès

$$\text{Jou repo chak semèn} = \text{Mwayèn salè pa jou}^3 + (\text{Mwayèn salè pa jou} \times 1,5)$$

NB : Salè total jounen travay sa a egal salè yon jounen nòmal + salè jounen nòmal avèk 50%. Pou tout jounen travay ki pase pandan yon jou repo semèn nan, kèlkeswa patwon an dwe gen yon otorizasyon ekri ki sòti nan Direksyon Travay la.

Egzanp pratik :

Yon anplwaye travay 8 èdtan pandan jounen repo semèn nan, salè mwayèn li pa jou pandan peryòd la se 320 goud. N ap kalkile pèman jou repo a konsa :

Travay pandan jou repo semèn nan = 320 goud (pèman jou repo semèn nan san travay) + (320 x 1,5 goud (pèman jou repo semèn nan avèk travay) = 800 goud

³ **Mwayèn salè pa jou**
= total salè moun nan reyalize pandan yon peryòd / kantite jou travay li fè

6.6.2 - JOU FERYE CHOME AK JOU CHOME OTORIZE PA ARETE PREZIDANSYÈL**KÒD TRAVAY, ATIK
108, 110, 112, 119**

Travayè yo dwe benefisye jou ferye chome yo ak jou chome otorize pa arete prezidansyèl yo san diminisyon salè, sòf si yo anplwaye yo pou yo fè yon travay pwovizwa. Se pou yo kalkile pèman an sou baz salè pa jou fiks oswa mwayèn sale.

Ann Ayiti, fèt legal yo se :

- Madi Gra
- Vandredi Sen
- Fèt Dye
- Asonpsyon
- 17 Oktòb, lanmò Desalin
- 2 Novanm, Fèt lèmò
- 25 Desanm, Nwèl

Ann Ayiti, fèt nasyonal yo se: (Konstitisyon Ayisyen)

- 1^e Janvyè
- 2 Janvyè
- 1^e Me
- 18 Me
- 18 Novanm

Nan ka kote travayè a travay pandan yon jou ferye chome oswa yon jou chomaj otorize pa arete prezidansyèl, men kòman pou nou kalkile pèman jou sa a :

Fòmil pou salè fiks

**Jou ferye chome oswa jou chomaj otorize = Salè pa jou +
(salè pa jou x 1,5)**

Fòmil pou salè alatach oswa alapyès

Jou ferye chome oswa jou chomaj otorize = Mwayèn salè pa jou + (Mwayèn salè pa jou x 1,5)

Egzanp

Pou yon travayè ki touche 240 goud pa jou (30 goud pou chak èdtan) e ki travay yon jou repo oswa yon jou ferye chome, men kòman pou nou kalkile pèman jou sa a :

$$240 \text{ Goud} + (240 \text{ Goud} \times 1.5) = 600 \text{ Goud}$$

Nan ka kote yon travayè travay inèdtan siplemantè pandan yon jou ferye chome oswa yon jou chomaj otorize pa arete prezidansyèl, men kòman pou nou kalkile pèman an lè sa a :

Fòmil

Lè siplemantè pandan yon jou ferye chome oswa yon jou chomaj otorize = Salè orè jou ferye chome oswa jou chomaj otorize x 1,5

Pa egzanp :

pou yon anplwaye ki touche 240 goud pou yon jounen travay nòmal, men kòman n ap kalkile pèman inèdtan (1) siplemantè:

- Salè orè wage = $240/8 = 30$ goud
- Lè siplemantè = $30 \text{ goud} \times 1.5 = 45$ goud

Lè siplemantè pandan yon jou ferye chome oswa yon jou chomaj otorize = $45 \text{ goud} \times 1.5 = 67.5$ goud

7. Salè ak Avantaj sosyal

7.1 - SALÈ

7.1.1 - DEFINISYON

Salè a se konpansasyon oswa lajan yon anplwayè dwe yon travayè dapre yon kontra travay pou yon travay li fè oswa ki dwe fèt, oswa pou sèvis li bay oswa li dwe bay.

Yo ka peye salè a pou chak inite tan, alatach, alapyès oswa ak yon montan global..

7.1.2 - DIFERAN KALITE SALÈ

a) Salè minimòm

The minimum wage is the amount to be paid as fixed by Legislation

b) Salè alatach oswa alapyès (Salè pwodiksyon)

Salè alatach la se salè yo peye ouvriye a pou egzekite yon travay detèmine pou yon pri yo te antann.

Salè alapyès la se salè yo peye ouvriye a pou egzekite yon travay detèmine pou yon pri yo te antann pa pyès.

c) Salè debaz

Basic salary refers to the salary received by the employee or worker, excluding overtime benefits.

7.1.3 - BONIS

Bonis la se yon salè ajoute ki obligatwa pou anplwayè a peye anplwaye ant 24 ak 31 Desanm chak ane, kèlkeswa tan li genyen depi l ap travay.

Bonis la pa ka mwens pase 1/12 salè anplwaye a touche pandan ane an (kit se pèman kach oswa an nati, lojman oswa komisyon).

KÒD TRAVAY, ATIK 135

KÒD TRAVAY, ATIK 136 AK 137;

ARETE PREZIDANSYÈL ANVIGÈ.

KÒD TRAVAY, ATIK 19; ARETE PREZIDANSYÈL ANVIGÈ.

KÒD TRAVAY, ANÈKS 8, ATIK 22 PARAGRAF E

KONSTITISYON 1987, ATIK 35.1;

KÒD TRAVAY, ATIK 148, 154 JISKA 157

Fòmil

$$\text{Bonis} = \text{Total salè pou ane a} / 12$$

7.1.4 - DEDIKSYON LEGAL AK KONVANSYONÈL

Dediksyon an se tout prelèvman anplwayè an fè sou salè anplwaye a.

a) Dediksyon legal : Prelèvman lalwa ekzije, tankou :

- 6% pou (ONA) 6% Ofis Nasyonal Asirans Vyeyès (ONA)
- 3% pou Ofis Asirans Aksidan Travay, Maladi ak Matènite OFATMA (Asiran Maladi-Matènite)
- DGI ⁴ (ajoute tablo tarif DGI a) (tarif DGI yo)

b) Dediksyon konvansyonèl : Prelèvman ki fèt dapre yon akò ant pati yo, tankou :

- Prè oswa avans sou salè
- Ranbousman pou pèt oswa domaj ki afekte pwodui, byen oswa enstalasyon anplwayè a, si yo ka prouve se ouvriye a ki responsab.

Montan lajan dediksyon sa a yo pa gen dwa depase 1/6 nan salè masyèl la jiskaske yo fin pran tout kòb travayè a dwe a, eksepte nan ka revokasyon kontra travay la lè garanti ranbousman travayè a bay yo pa ase.

⁴ Tcheke lis tarif enpo sou revni Direksyon Jeneral Enpo

7.2 - AVANTAJ SOSYAL

7.2.1 - KONJE PEYE

Konje peye yo se peryòd tan peye yo bay travayè a. Pami konje sa a yo nou ka site :

a) Konje anyèl

AApre yon lane sèvis, yo dwe bay tout travayè ki gen yon travay pèmanan yon konje peye pandan 15 jou suivi omwen, avèk 13 jou ouvrab epi 2 dimanch.

**KÒD TRAVAY, ATIK
143, 147**

**KÒD TRAVAY, ATIK
123 JISKA 129, 148**

Yo dwe bay travayè a 1 jou $\frac{1}{4}$ (1.25 jou) konje peye pa mwa travay. Pou yon anplwaye ki gen mwens pase yon lane sèvis, kantite jou konje anyèl li a = kantite mwa sèvis x 1.25

Jou ferye chome yo ak arè travay akòz maladi oswa matènite travayè a resewva yo pa dwe sòti nan kenz jou konje anyèl yo.

Tout akò ki siyen pou pèmèt travayè a renonse a dwa konje peye anyèl li yo pa gen okenn valè, akò sa yo nil. Konje anyèl la pa kimilatif sòf nan ka fòs majè epi avèk otorizasyon Direksyon Travay la. Pati yo ka siyen yon akò alekri ki otorize kimil konje anyèl la sou yon peryòd ki pa depase 2 lane.

Sizoka ta gen sispanasyon, revokasyon oswa demisyon travayè a pou kelkeswa rezon an, avan ane sèvis la fini, epi kelkeswa tan li genyen depi l ap travay, travayè a gen dwa touche fraksyon konje anyèl li a.

A pati prensip 15 jou konje anyèl la, nou ka fè kalkil pèman an konsa :

Fòmil pou salè fiks

Konje anyèl = Salè pa jou x kantite jou pou peye

Fòmil pou salè alatach oswa alapyès

Konje anyèl = Mwayèn salè pa jou x kantite jou pou peye

b) Konje maladi

Travayè gen dwa pou l jwenn yon kantite total 15 jou konje maladi pa ane, san salè li pa diminye.

Pou benefisyè konje maladi a, travayè a dwe pote yon sètifika medikal doktè konpayi an oswa yon sèvis sante piblik ba li. Si anplwaye a poko gen yon lane sèvis, y ap kalkile konje maladi a daprè tan sèvis li deja bay. Konje maladi a pa kimilatif

Fòmil pou salè fiks

Konje maladi = Salè pa jou x kantite jou pou peye

Fòmil pou salè alatach ou alapyès

Konje maladi = Mwayèn salè pa jou x kantite jou pou peye

Mwayèn salè pa jou = total salè pou peryòd la / kantite jou travay pandan peryòd la

c) Konje matènite

Tout fanm ansent gen dwa pou resevwa yon konje matènite, lè li prezante yon sètifika medikal ki endike dat li sipoze akouche a. Pandan konje matènite a, l ap kontinye touche kòm si l t ap travay.

Konje matènite a se yon konje peye. Konje matènite a dwe dire 12 semèn, anplwayè a ap peye 6 semèn annatandan. Lè sèvis asirans Maladi Matènite OFATMA a va disponib, OFATMA ap peye tout longè konje matènite a. (Sepandan, travayèz la dwe enskri regilyèman nan OFATMA pou l gen yon asirans matènite).

Konje a dwe dire sis semèn anvan akouchman an ak sis semèn obligatwaman aprè akouchman an. Tout jan, longè li ta dwe omwen yon total douz semèn. Lè akouchman an fèt aprè dat yo te prevwa a, y ap pwolonje konje ki pase anvan akouchman an men konje ki aprè akouchman an pa dwe diminye vini mwens pase sis semèn.

- Pou benefisyè konje matènite a, fanm ansent lan dwe prezante yon sètifika medikal ki endike dat li prevwa akouche a. Anplis, se pou sètifika medikal la endike eta gwosès la,
- Dat li prevwa akouche a,
- Dat kòmansman konje matènite a, ki dwe tonbe 4 semèn avan dat li prevwa akouche a.

**KÒD TRAVAY, ATIK
148, 320 JISKA 324**

Sizoka gen avòtman oswa timoun nan fèt avan lè epi li p ap kontinye viv, travayèz lan ap gen dwa pou benefisye yon konje de (2) jiska kat (4) semèn peye sou baz salè li t ap resevwa nan dat kòmansman konje a. Pou l benefisye konje sa a, travayèz la dwe bay patwon an yon sètifika medikal ki endike :

- Akouchman oswa avòtman avan lè, avèk endikasyon dat evènman an
- Longè peryòd repo lap bezwen an.

Fòmil pou salè fiks

Konje matènite = Salè pa jou x kantite jou konje matènite pou peye

Fòmil pou salè alatach oswa alapyès

Konje matènite = Mwayèn salè pa jou x kantite jou konje matènite pou peye

Mwayèn salè pa jou = total salè pou peryòd la / kantite jou travay pandan peryòd la

7.2.2 - SEKIRITE SOSYAL

A. OFATMA

a) Asirans aksidan travay

Aksidan travay vle di tout blesi fizik ki rive akòz oswa pandan travay la, e tout aksidan ki rive pandan trajè sòti depi kote travayè a abite a pou rive nan travay la e vise vèsa, depi li pa detounen oswa kanpe sou chemen l pou rezon pèsonèl oswa pou rezon ki pa gen rapò ak travay la.

Chak anplwayè dwe asire, avèk lajan pa l sèlman, tout anplwaye li yo kont risk aksidan travay nan OFATMA. Montan kotizasyon an varye

**LWA ÒGANIK
DEPATMAN AFÈ
SOSYAL 28 DAWOU
1967 LA;**

**LWA 27 DAWOU
1967 LA, DEKRÈ 18
FEVRIYE 1975 LA
MODIFYE A**

**LWA ÒGANIK
DEPATMAN AFÈ
SOSYAL 28 DAWOU
1967, ATIK 22
PARAGRAF C, 25,
31, 32**

daprè kalite travay la ;

- 2% pou antrepriz komèsyal yo,
- 3% pou antrepriz agrikòl ak endistriyèl, konpayi konstriksyon e ajans ling navigasyon yo,
- 6% pou konpayi minyè.

To kotizasyon yo ka ogmante pa arete Prezidan Repiblik la, lè nou konsidere riks ki genyen nan chak antrepriz yo (gade Atik 32, lwa 28 Dawou 1967)

b) Asirans Maladi-Matènite

Pou asirans maladi-matènite a, tout patwon dwe anrejistre antrepriz li a nan OFATMA nan yon delè 15 jou sòti nan dat konpayi an te louvri a.

To kotizasyon an fikse a 6% salè de baz anplwaye yo, mwatye nan montan lajan sa a sou kont patwon an, lòt mwatye a sou kont asire a.

Salè de baz la vle di salè anplwaye oswa travayè a resevwa san konte benefis yo peye l pou lè siplemantè yo.

B. ONA

Tout anplwayè yo dwe enskri tout anplwaye yo nan Ofis Nasyonal Asirans Vyeyes.

To kotizasyon ONA a fikse a 12% salè de baz la, travayè a peye 6%, anplwayè a peye 6%.

Dwa asire yo

- Dwa pou yo resevwa pansyon aprè ven (20) lane kotizasyon e aprè senkantsenk (55) lane.
- Pansyon envalidite
- Kontwa pou sere e prete lajan (lwa 25 Dawou 1971, Atik 2)
- Sèvis prè ipotekè (dekrè 4 Novanm 1974, Atik 1e)

Dediksyon legal e konvansyonèl

Dediksyon vle di tout prelèvman anplwayè an fè sou salè anplwaye a

**LWA 27 DAWOU
1967 LA, DEKRÈ 18
FEVRIYE 1975 LA
MODIFYE, ATIK 1, 2,
4, 6, 17**

**LWA ÒGANIK
DEPATMAN AFÈ
SOSYAL 28 DAWOU
1967, ATIK 177, 178,
200; DEKRÈ 18 MAS
1968; DEKRÈ 10 MAS
1976**

**KÒD TRAVAY, ATIK
143, 147**

a) **Dediksyon legal** :Prelèvman lalwa egzije tankou:

- Prelèvman 10% sou bonis, Atik 95 dekrè 24 Septanm 2005 sou enpo sou revni
- 6% Ofis Nasyonal Asirans Vyeyès (ONA)
- 3%, Ofis Asirans Aksidan Travay, Maladi ak Matènite (OFATMA) (asirans maladi matènite)
- IRI: konsilte lwa finans ki anvigè a
- CAS: 1% salè, konsilte lwa finans ki anvigè a
- FDU: 1% salè, konsilte lwa finans ki anvigè a
- CFGDCT: 1% salè, konsilte lwa finans ki anvigè a

b) **Dediksyon konvansyonèl** : Prelèvman ki fèt dapre yon akò ant pati yo, tankou:

- Prè oswa avans sou salè,
- Ranbousman pou pèt oswa domaj ki afekte pwodui, byen oswa enstalasyon anplwayè a, lè yo ka prouve se ouvriye a ki responsab.

Montan dediksyon sa a yo pa dwe depase $1/6$ nan salè masyèl la jiskaske dèt la fin peye, sòf si yo revoke kontra travay la epi garanti ranbousman travayè a te bay yo pa sifi.

8. Konfli Travay

8.1 - DEFINISYON

Konfli travay se tout kalite dezakò ki ka genyen ant anplwayè a ak anplwaye a sou kondisyon travay yo.

8.1.1 - KONFLI TRAVAY ENDIVIDYÈL

Yon konfli travay endividyèl se yon konfli ant yon anplwayè ak yon manm nan pèsonèl li a sou kondisyon travay yo, oswa se yon konfli ant anplwayè a ak plizyè manm nan pèsonèl li a sou kondisyon travay yo, san sa pa deranje fonksyonman nòmal konpayi an.

**LABOR CODE, ART.
161**

**KÒD TRAVAY, ATIK
162**

8.1.2 - KONFLI TRAVAY KOLEKTIF

Yon konfli travay kolektif se yon konfli ant yon anplwayè ak plizyè manm nan pèsònèl li a sou kondisyon travay yo, lè sa ka deranje travay nan konpayi an.

8.2 - REZOUZ KONFLI NAN TRAVAY

A) KONFLI ENDIVIDYÈL

Yo oblije soumèt tout reklamasyon ki gen rapò ak salè, oswa lòt reklamasyon menm kalite bay Direksyon travay la nan yon delè si (6) mwa (ak tout reklamasyon ki fè pati menm konfli a).

Pati ki viktim nan dwe pote yon plent vèbal ou ekri, pèsònèlman oswa atravè delege sendikal li. Pati Direksyon travay la konvoke pou konsilyasyon an dwe parèt an pèsòn oswa fè yon mandatè espesyal reprezante l. Epitou, li ka mande yon avoka pou asiste l.

Sepandan enspektè/mediyatè travay la ka reklame prezans patwon an oswa reprezantan legal li yo, si l panse sa nesèsè.

Si pati yo konvoke a pa prezante nan sèvis konsilyasyon Direksyon travay la nan premye konvokasyon an, y ap voye yon dezyèm konvokasyon. Si l pa reponn dezyèm konvokasyon an, y ap voye lòd pou li prezante nan yon delè kip a depase 24 èdtan. Si l pa konfòme li, y ap drese yon pwosè vèbal pou konstate jan li refize obeyi enjonksyon an e y ap voye ka a devan Tribinal Espesyal Travay la.

Si pati yo konvoke yo prezante, Direksyon travay la ap tandè yo, anrejistre plent chak pati yo, fè yon ankèt si nesèsè, vizite lokal yo, fè yon ekspètiz si l panse sa nesèsè oswa sou demand youn nan pati yo.

Si konfli an se sou yon dèt pati ki dwe a rekonèt, swa klèman swa endirekteman, yo ka bay pati ki dwe a yon delè rezonab pou li peye l; nan fen delè a, Direksyon travay la ap bal lòd pou li peye.

Si nan fen delè yo te bay la, pati ki dwe a refize peye, y ap drese yon pwosè vèbal pou konstate jan li refize obeyi lòd peye a e y ap voye ka a devan Tribinal Espesyal Travay la.

Si konsilyasyon an echwe, y ap drese yon pwosè vèbal non konsilyasyon e ka a pral devan Tribinal travay la.

**KÒD TRAVAY, ATIK
162,171-181;**

**DEKRÈ 16
JANVYE 1989
SOU KREYASYON
KOMISYON TRIPATIT
KONSILTASYON AK
ABITRAJ, DEKRÈ
15 JEN 1990 LA
MODIFYE L**

**LABOR CODE, ART.
163-170**

NB: Tout demand konsènan domaj enterè, aprè rekèt Direksyon travay la, dwe al devan Tribinal Espesyal Travay la kap bay desizyon l nan yon jijman.

B) KONFLI KOLEKTIF

Nan konfli kolektif yo, si gen yon sendika oswa yon regroupman travayè, avan tout bagay, fòk li prezante plent la bay anplwayè a pou yon negosyasyon entèn direk oswa avèk entèvansyon negosyatè alamyab.

Si negosyasyon an echwe, delege travayè yo, sendika yo oswa anplwayè yo ap siyen lis plent yo avèk yon kopi y ap remèt bay lòt pati a e, sou fòm yon rekèt, bay Direksyon travay la. Lis plent yo dwe date e endike klèman kisa yo ye, bay kiyès yo adrese, ki kantite anplwayè oswa travayè k ap prezante l, sitiyasyon egzak espas travay kote dezakò a te kòmanse a, ki kantite travayè k ap travay la, epi non konplè delege yo.

Depi yo fin remèt lis reklamasyon an, okenn nan pati yo p ap ka pran okenn mezi reprezay kont lòt la oswa anpeche l egzèse dwa l. A pati moman sa, anplwayè a dwe jwenn apwobasyon Direksyon Travay la pou tout revokasyon. Pati konsène yo dwe reponn tout konvokasyon e bay tout enfòmasyon konsilyatè yo mande. Pwosedi konsilyasyon an pa dwe depase uit (8) jou. Si konsilyasyon an echwe, ka a prale swa nan Tribinal travay la (si se yon konfli pou lalwa) swa nan Komite Tripatit pou Konsiltasyon ak Abitraj (si se yon lòt kalite konfli) aprè echèk komite abitraj lan.

8.2.1 - ABITRAJ

Komite abitraj la ap gen pou deside sou tout konfli ki gen rapò ak salè oswa kondisyon travay ki pa fikse nan dispozisyon lalwa, règleman, konvansyon kolektif oswa akò anvigè yo, menm jan ak sa ki gen rapò ak negosyasyon epi ak revizyon kondisyon ki nan konvansyon kolektif yo. Nan ka yo echwe devan komite abitraj la, ka a ap refere devan Komisyon Tripatit Konsiltasyon ak Abitraj la.

8.2.2 - TRIBINAL ESPESYAL TRAVAY

Tribinal travay yo gen konpetans jeneral pou konnen tout konfli ki gen rapò ak kontra travay e tout litij ki gen rapò ak vyolasyon Kòd travay la, e menm reklamasyon domaj-enterè ki ta tonbe sou do travayè oswa patwon yo.

**KÒD TRAVAY, ATIK
171 JISKA 181**

**KÒD TRAVAY, ATIK
182 JISKA 188**

**KÒD TRAVAY, ATIK
488 AK 489**

9. Sante ak Sekirite nan Travay

9.1 - DISPOZISYON JENERAL

KÒD TRAVAY, ATIK
438-441, 451-487

Pou asire sekirite nan travay la ak sante travayè yo, patwon an dwe :

- pwoteje travayè yo kont aksidan ak maladi ki mache ak travay la,
- enfòme travayè yo sou risk ki mache ak travay la ak prekosyon nesèsè yo,
- bay travayè yo ekipman pwoteksyon pèsonèl obligatwa, tankou linèt, tabliye, mask, gan epi/oswa soulye, elatriye.,
- montre travayè yo kòman pou yo itilize e antretni ekipman pwoteksyon yo,
- pwoteje travayè yo kont risk dife

NB: Travayè yo pa gen pou peye okenn frè pou mezi sa yo.

9.1.1 - SÈVIS SANTE AK PREMYE SWEN

Anplwayè ki anplwaye omwen 20 travayè yo dwe itilize sèvis doktè k ap gen wòl pou pwoteje sante travayè yo, evite risk trape maladi, kenbe bon kondisyon ijyèn nan travay la oswa bay premye swen nan ka ijans. Doktè yo dwe gen youn oswa plizyè enfimiyè pou asiste yo selon gwosè konpayi an.

KÒD TRAVAY, ATIK
477 JISKA 480

Konpayi ki gen plis pase 200 anplwaye yo dwe gen yon sèvis medikal pèmanan avèk omwen yon dispansè.

Kantite travayè	Dispansè	Enfimiyè	Doktè a tan plen	Doktè a tan pasyèl
20 - 99	-	1*	-	1 vizit pa semèn
100 - 199	-	1	-	2 vizit pa semèn
200 - 500	1	2	-	3 vizit pa semèn
Apati 501	1	2+ (1 pa tranç de 200 travayè)	1	-

* pou 50 travayè

EGZAMEN MEDIKAL

Travayè yo dwe benefisye yon konsiltasyon medikal nan moman yo anplwaye a (nan 3 premye mwa yo kòmanse travay lan) epi aprè sa, yon fwa chak ane. Rezilta egzamen yo (ki gen ladan yo radyografi poumon, Kahn, RhX, gwoup sangen) ap mansyone sou kat sante a. Egzamen yo ap fèt nan sèvis medikal OFATMA a.

**KÒD TRAVAY, ATIK
481 AK 482**

9.2 - PWOTEKSYON TRAVAYÈ YO KONT DANJE

9.2.1 - PWOTEKSYON ENDIVIDYÈL

Anplwayè a responsab pou bay e antretni rad ak ekipman pwoteksyon ki nesèsè pou chak travayè, san okenn frè pou travayè yo.

Anplwayè a responsab tou pou asire itilizasyon efikas ekipman li founi yo

**KÒD TRAVAY, ATIK
440, 441, 450, 451,
456, 465, 473, 475,
476**

Men kèk egzanp ekipman pwoteksyon pèsònèl :

- Mask: Pwoteksyon vwa respiratwa
- Linèt pwoteksyon
- Senti pwoteksyon
- Gan pwoteksyon
- Rad pwoteksyon
- Ekipman pwoteksyon kont bri

Anplwayè a dwe enstale pwoteksyon ki apwopriye sou pati machin ak ekipman yo ki kapab reprezante yon danje epi antretni yo pou anpeche aksidan nan travay la.

Men kèk egzanp ekipman pwoteksyon:

- Pwotèj pou je
- Pwotèj pou dwèt
- Pwotèj pou kouwa
- Pwotèj pou pouli

Se pou yo bay aparèy mekanik tankou charyo pou leve e deplase machandiz ki lou oswa ki gwonèg. Lalwa ayisyen egzije pou gen aparèy mekanik pou pote tout chaj ki depase 80 kilo.

Travayè ki travay kanpe yo dwe gen mwayen pou chita tanzantan epi/oswa gen tapi amòtisan pou yo kanpe epi/oswa kote pou repoze pye yo. Anplwayè a oblije bay chèz ak dosye pou tout travayè ki travay chita.

Anplwayè yo dwe mete nan dispozisyon travayè yo enstalasyon netwayaj pèsònèl pou sizoka ta gen salte oswa kontaminasyon

Men kèk egzanp salte :

- Pousyè
- Grès/luil
- Pwodui toksik, e pwodui ki ka pwovoke iritasyon oswa enfeksyon

9.2.2 - PWOTEKSYON KOLEKTIF

Pwoteksyon kolektif la gen rapò ak tout règleman ak dispozisyon anplwayè a pran pou asire bon jan pwoteksyon pou travayè yo nan espas travay la. Konpayi an dwe asire :

1. Fatra ak debri pa anpile jiskaske yo tounen yon danje pou sante moun;

Konpayi an dwe pwòp e byen antretni. Anplis sa, si gen douch, yo dwe netwaye yo e dezenfekte yo omwen yon fwa pa jou.
2. Lokal konpayi an dwe ase laj e ase wo pou anpeche travayè yo youn sou lòt e pou anpeche ankonbreman machin, materyèl oswa pwodui.
 - Plan evakyasyon yo dwe endike wout ak sòti ijans, ak aparèy pou etenn dife.
 - Dwe gen omwen 2 sòti ijans posib pou tout travayè yo. Sòti ijans yo pa dwe bloke avèk materyèl, pwodui, zouti, mèb elatriye.
3. Dwe gen ase e bon jan limyè, natirèl oswa atifisyèl oswa toulède, pou bezwen tout moun ⁵.
4. Se pou yo asire gen bon jan kondisyon atmosferik pou evite moun yo pa jwen lè pou yo respire, pou evite lè a mal sikile, polisyon nan lè a, epi toutotan sa posib, evite gen twòp imidite, twòp chalè oswa twòp fredri ak odè dezagreyab ⁶.

**KÒD TRAVAY, ATIK
439, 458-460, 461,
468, 476**

⁵ Better Work rekòmande nivo ekleraj sa a yo pou pi piti: 300 lux pou zòn repasaj, 750 lux pou zòn netwayaj ak enspeksyon epi 500 lux pou lòt aktivite yo.

⁶ Tanperati espas travay la ta dwe pi fre pase tanperati deyò a. Better Work rekòmande pou pi plis 30 degre nan espas travay la.

5. Gen bon jan enstalasyon sanitè ak enstalasyon pou lave men, ase dlo pou bwè nan bon kondisyon e ki plase nan zòn kote li dwe plase.
 - Twalèt yo pwòp e yo pa dwe janm fèmen a kle, menm pandan lè siplemantè. Yo pa ta dwe anpeche moun sèvi avèk yo, san rezon valab. Dwe gen yon twalèt pou chak 25 gason ak youn pou chak 15 fanm k ap travay nan konpayi an.
 - Travayè yo dwe lave men yo avèk savon e dlo pwòp. Enstalasyon yo dwe separe ak espas travay la, men se pou yo soulamen pou travayè yo; yo dwe byen antretni.

6. Lè pou travayè yo chanje rad nan kòmansman ak nan fen jounen travay la, dwe gen bon jan enstalasyon ki disponib pou yo;

7. Lè yo entèdi travayè yo manje e bwè nan espas travay la, se pou gen bon jan enstalasyon ki disponib pou yo, sòf si anplwayè a pran mezi ki nesèsè pou yo manje yon lòt kote;

Anplwayè a ka bezwen mete yon espas pou travayè yo manje, selon kantite travayè yo, selon demand pou espas sa a ak absans lòt bon jan solisyon. Yon kantin ka sèvi plizyè faktori.

8. Toutotan yo kapab, yo dwe elimine oswa redui tout bri ak vibrasyon ki nwizib pou sante travayè yo⁷.

9. Se pou yo estoke tout pwodui ki danje pou yo an tout sekirite.

Nan itilizasyon pwodui chimik nou ka jwenn: pwodiksyon, manipilasyon, depo, transpò, ramasaj, anlèvman oswa trètman pwodui chimik yo, oswa konsèvasyon, reparasyon e netwayaj veso ak ekipman yo.

 - Envantè a dwe sèvi ak fich ki gen done sekirite pwodui chimik yo. Fich done sekirite ki endike tout risk ak prekosyon nou dwe pran yo dwe aksesib pou

⁷ Daprè nòm OIT yo, yon nivo son ki mwens oswa egal a 90 dB akseptab pou yon jounen travay 8 èdtan.

tout moun ki konsène yo ak tout reprezantan yo.

- Etikèt la dwe idantifye pwodui chimik la oswa sibstans lan e montre klasifikasyon chimik li. Travayè yo dwe konprann enskripsyon etikèt yo byen fasil. Lè pwodui chimik yo estoke nan veso ki diferan, yo dwe gen menm kalite etikèt yo.
- Pwodui chimik ki pa mache ansanm pa ta dwe estoke ansanm, e veso pou estoke yo a ta dwe an bonneta. Espas la dwe byen ayere. Pwodui chimik ki ka pran dife oswa eksploze yo ta dwe estoke nan yon zòn fre lwen tout sous chalè e espas la dwe gen yon sistèm pwoteksyon kont dife.
- Menm jan an tou, anplwayè a dwe enstale yon sistèm vantilasyon pa aspirasyon kote yo itilize sibstans danje yo.
- Travayè yo dwe resevwa fòmasyon pou aprann estoke, manipile, itilize ak jete tout pwodui chimik ak sibstans danje yo san danje.
- Anplwayè a dwe mete enstalasyon pou lave zye yo ak sibstans pou mou pwodui chimik boule pou travayè yo si sa nesèsè.
- Anplwayè a dwe asire fanm ansent yo p ap travay kote yo estoke e itilize pwodui chimik ak sibstans danje.

9.2.3 - MEZI PREVANSYON

- Pami ekipman pou konbat dife yo genyen pa egzanp estenktè, tiyo ponp pou dife oswa sistèm awozwaj otomatik pou etenn dife ⁸.
- Anplwayè a dwe fòme yon bon kantite travayè nan itilizasyon ekipman pou konbat dife ⁹.
- Tout travayè yo dwe patisipe nan egzèsis similasyon ijans yo ¹⁰.

9.2.4 - JERE AKSIDAN TRAVAY AK MALADI PWOFEYONÈL

Aksidan travay vle di tout blesi fizik ki rive akòz oswa pandan travay la. Pami aksidan ki gen rapò ak travay yo nou jwenn aksidan ki rive pandan lè travay la epi pandan trajè pou ale oswa tounen nan travay la, depi pakou a pa detounen oswa kanpe pou yon rezon pèsònèl

LWA ÒGANIK DEPATMAN AFÈ SOSYAL 28 DAWOU 1967

⁸ Better Work rekòmande enstale detektè lafimen avèk alam kifè bri e ki vizib.

⁹ Better Work rekòmande pou fòmasyon an fèt yon fwa pa ane, pou piti 10% nan ouvriye yo, ni fanm ni gason ki travay nan tout seksyon yo e nan tout peryòd travay yo.

¹⁰ Better Work rekòmande pou fè egzèsis similasyon ijans de fwa pa an.

oswa pou yon rezon ki pa gen rapò ak travay la.

Asirans kont aksidan travay yo la pou tout anplwaye ak travayè nan antrepriz endistriyèl yo. Nan ka ta gen aksidan travay, moun ki asire yo gen dwa pou yo jwenn tout swen ki nesèsè, dapre sa sitiyasyon an mande, nan men doktè, dantis, enfimiyè oswa lòt teknisyen medikal, san nou pa bliye operasyon chirijikal ak ospitalizasyon nan ka ijans ekstrèm, oswa lè doktè mande sa espesyalman.

Se Ofis Asirans Aksidan Travay, Maladi ak Matènite (OFATMA) k ap jere asirans kont aksidan travay, asirans-maladi ak asirans-matènite.

Chak mwa, anplwayè yo ap soumèt bay OFATMA yon lis tout aksidan ki rive nan konpayi an, nan fòmilè ki prepare pou sa a. Se pou yo deklare bay OFATMA tout aksidan travay ki lakòz yon enkapasite pou yon jou oswa plis.

Menm jan an tou, anplwayè a dwe anrejistre nan OFATMA tout anplwaye ki obligatwaman gen dwa pou asirans maladi-matènite..

10. Chanjman anplwayè

Gen yon chanjman anplwayè lè yon moun oswa yon antite achte plis pase mwatye oswa tout antrepriz la e li kontinye fè menm travay lan.

Chanjman anplwayè a pa vle di fen kontra travay la, men transfè l bay nouvo anplwayè a. Yon fwa li siyen, sa kontra travay la di a p ap chanje. Konsa, kontra a transfere legalman e anplwaye a konsève ansyènte l ak salè l. Dwa ak obligasyon ki nan kontra a konsève.

11. Lòt bagay

11.1 - ENFÒMASON SOU ENDISTRI RAD ANN AYITI

Aprè dekolaj endistri rad la ann Ayiti pou rive nan kòmansman ane 80 yo e kalmi ki vin gen nan sektè a nan mitan ane 80 yo, lè l te eseye atire envestisman epi kreye anpil djòb nan peyi a, endistri a te sibi katastwòf natirèl, enstabilite politik ak konpetisyon ki soti ann Azi.

Menm avan tranblemanntè 2010 la ki te devaste peyi a, Ayiti te deja peyi ki pi pòv nan Emisfè Lwès la, ak 80% nan popilasyon l k ap viv pi ba nivo povrete a, ak 54% ki nan povrete total. Detyè nan Ayisyen yo depann sou sektè agrikòl la, prensipalman agrikilti sibstans sou ti mòso tè, ki fè yo vilnerab anba dezaz natirèl ki rive regilyèman nan peyi a. Nan yon rapò PBS depoze aprè tran-blemanntè 2010 la, yo te idantifye endistri rad la kòm yon sektè enpòtan pou travayè ayisyen an.

Lwa HOPE la ak Lwa HELP la ki pèmèt endistri tekstil ak rad ann Ayiti benefisye yon franchiz, reyisi ankouraje achtè Ameriken yo aprovizyon yo ann Ayiti, ogmante pwodiksyon an epi kreye anpil djòb nan peyi a. Lè yo te konbine franchiz la ki te bay plis aksè sou mache ame-riken an ak gwosè fòs travay jèn yo ann Ayiti, sa te fè an 2009, Ayiti te vin 17èm pi gwo founisè rad nan peyi Etazini avèk ekspòtasyon ki prèske totalize \$424 milyon dola. Kounye a, sektè endistri rad la reprezante twa ka nan ekspòtasyon ayisyen yo e prèske yon dizyèm nan PIB a.

An 2014, resèt total ekspòtasyon yo nan endistri tekstil ak rad la te reprezante apeprè 90% nan resèt nasyonal ekspòtasyon yo, e 10% nan PIB nasyonal la. Endistri rad la se youn nan pi gwo anlwayè ann Ayiti, e li kreye travay pou plis pase 30 000 moun.

11.2 - PWOGRAM BETTER WORK ANN AYITI

Vè mitan ak fen ane 2000 yo, Kongrè Ameriken an te vote lwa HOPE la ak HOPE II a (Opòtinite Emisferik Ayisyen atravè Ankourajman Patenarya, oswa lwa sou opòtinite emisferik Ayiti yo atravè ankourajman patenarya), ki ogmante franchiz pou tekstil, rad ak lòt pwodui; yo te pwolonje benefis sa a yo jiska 2020 anba lwa HELP la (Haitian Economic Lift, oswa pwogram pou amelyore ekonomi ann Ayiti).

Better Work Ayiti, yon patenarya ant Òganizasyon Entènasyonal Travay (OIT) ak Sosyete Finans Entènasyonal (IFC), te lanse nan mwa Jen 2009. Pwogram nan gen pou objektif amelyore kondisyon travay ak konpetitivite endistri rad la pandan l ap amelyore respè Kòd Travay ayisyen a ak deklarasyon OIT sou prensip ak dwa fondamantal nan travay yo; menm jan an tou, li chache amelyore pèfòmans ekonomik nan konpayi a.

Better Work Ayiti vize endistri rad la ann Ayiti, espesyalman nan kapital la, Pòtoprens, epi nan nòdès peyi a. Pi fò travayè (66%) yo se fanm ki responsab plizyè manm fanmi yo. Pwogram nan ede faktori kap patisipe yo nan òganize evalyasyon endepandan pou konfòmite yo epi nan pwopoze sèvis konsèy ak fòmasyon.

12. Anèks

12.1 - BONN PRATIK, SANTE AK SEKIRITE NAN TRAVAY



PWODWI CHIMIK

- Mete etikèt kote na p ekri byen klè nan lang kreyòl ayisyen sou pwodwi chimik yo
- Kole fich ki gen endikasyon sou pwodwi chimik y ap itilize yo kote pou moun wè yo
- Fè yon fòmasyon pou anplwaye k ap travay ak pwodwi chimik yo
- Bay anplwaye yo rad pwoteksyon, gan, linèt ak / oswa mask ak tout lòt ekipman ki nesèsè



MACHINN

- Asire w ke tout machin a koud yo gen pwotèj-zegwi
- Enstale pwoteksyon pou pouli yo ak pwoteksyon pou je
- Verifye epi anrejistre regilyèman eta konpresè lè yo, ak chodyè yo



TWALÈT

- Repare twalèt ki gen pwoblèm yo ak pòt twalèt yo
- Make sou pòt twalèt yo kilès ki pou gason ak kilès ki pou fanm
- Mete yon kote pou moun lave men yo tou pre twalèt yo
- Asire w ke lè ap byen sikile pou diminye tout move sant



ELEKTRISITE

- Enstale kouvèti entèn yo
- Mete plakèt izole pou anpeche chòk elektrik
- Kenbe enstalasyon elektrik yo san danje epi yon kote ki an sekirite
- Mete siy sekirite sou bwat elektrik yo
- Enstale yon kote pou moun ka rechaje telefòn selilè yo san danje pou evite aksidan



APARÈY POU ETENN DIFE

- Eliminate obstruction
- Provide visible and easy to read information to the location of fire extinguishers
- Make sure that the operating instructions are in Haitian Creole
- Keep monthly records for the inspection and ensure that equipment is fully charged



PREMYE SWEN

- Fè lis pwosedi premye swen yo
- Kenbe yon envantè sou sa ki nan bwat premye swen yo epi asire w ke tout ekipman ki nesèsè yo disponib
- Asire w ke twous premye swen yo kontwole regilyèman epi ke pa gen okenn pwodwi ekspire ladan yo
- Asire w ke kit yo ase gwo pou kantite anplwaye ki genyen, ke yo idantifye byen klè epi ke yo fasil pou pran



PÒT POU SÒTI SI GEN KOURI

- Asire w ke wout pou sòti yo make byen klè epi ke lajè yo se 1m pou pi piti
- Asire w ke tout wout sòti yo pa gen anyen ki bloke yo
- Asire w ke atè a pa glise
- Mete pankat klè pou endike wout pou sòti yo
- Asire w ke pòt pou sòti yo toujou deplete, ke pa gen anyen ki bloke yo epi ke yo ouvè sou deyò batiman an



KAT POU FÈ MOUN SÒTI SI GEN KOURI

- Fè yon plan pou sòti si gen kouri epi kole li yon kote byen aklè nan chak zòn travay, ki gen enfòmasyon sa yo:
- Kote pòt pou sòti yo ye
- Kote wout pou sòti yo ye
- Kote aparèy pou etenn dife yo ye
- Kote alam yo ye
- Kote twous premye swen yo ye
- Kote plan pou sòti si gen kouri sa a ye (ki vle “men ki kote ou ye”)
- Flèch pou endike sòti yo

12.2 - PWOSEDI MEDYASYON

Yon travayè ki revoke kwè ke li viktim yon enjistis

Sitiyasyon ki deklanche denach la

Tantativ sendika k ap reprezante travayè a

Entèvansyon sendika a si travayè a vle

Kontakte Medyatis la

Satisfè ak solisyon ke yo jwenn nan

Yo jwenn yon solisyon oswa yo kontakte Medyatis la

Satisfè ak rezolisyon yo

Sèvis konsiltasyon BR MAST

Preparasyon dokiman sou ka a

Yo jwenn yon solisyon oswa yo transfere dosye a bay biwo pou zafè travay nan MAST

Preparasyon dokiman sou ka a

Sèvis konsiltasyon BR MAST

Sèvis konsiltasyon BR MAST

Solution found or we transfer the case to the labor court

13. Abreviyasyon

ADIH	: Asosyasyon Endistri an Ayiti
BMST	: Biwo Medyatis Espesyal pou zafè Travay
CSI	: Konfederasyon Sendikal Entènasyonal
CAOSS	: Konsèy Administrasyon Òganizasyon Sekirite Sosyal yo
CTMO-HOPE	: Komisyon Tripati pou Aplikasyon Lwa HOPE
FDS	: Fich sou Done Sekirite
HELP	: Pwogram pou Ranfòsman Ekonomik Ayiti (Haiti Economic Lift Program)
HOPE	: (Haitian Hemispheric Opportunity through Partnership Encouragement) Lwa sou opòtinite Ayiti nan Emisfè a Gras a Pwomosyon Patenarya
MAST	: Ministè Afè Sosyal ak Travay
OFATMA	: (Office d'Assurance Accidents du Travail, Maladie et Maternité) Ofis Asirans Travay, Maladi ak Matènite
ONA	: (Office National d'Assurance-Vieillesse) Ofis Nasyonal Asirans-Vyeyès
SST	: Sante ak Sekirite nan Travay
EPP	: Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl
TAICNAR	: (Technical Assistance Improvement and Compliance Needs Assessment and Remediation) Amelyore asistans teknik ak evalyasyon epi sipò pou mete an aplikasyon mezi pou korige sa k pa bon nan zafè konfòmite
USDOL	: Ministè Travay Ozetazini



EKIP 45-46

EKIP 47-48

EKIP 43-44

Antanke yon patenarya ant Òganizasyon Entènasyonal Travay (OIT) ak Sosyete Finansyè Entènasyonal (SFI), yon manb Gwoup Bank Mondyal, Better Work rasamble diferan gwoup - gouvènman, mak global, mèt antrepriz yo, sendika yo ak travayè - pou amelyore kondisyon travay nan endistri rad, epi fè sektè sa a plis konpetitif.

NWAYO DONATÈ BETTER WORK YO SE :

Ministè Afè Etranjè nan Peyiba

Sekreteri Deta pou Zafè Ekonomik peyi La Swis

Ministè Zafè Etranjè peyi Danmàk

Gouvènman peyi Ostrali

Reprezante pa Depatman Zafè Etranjè ansanm ak Komès (DFAT)

Ministè Travay nan peyi Etazini

Nou jwenn finansman tou nan DFID, Gouvènman peyi LaFrans, Gouvènman peyi Kanada, Irish Éd, GMAC, Gouvènman Wayal Peyi Kambodj ak donatè sektè prive, ki gen ladan Konpayi Walt Disney, Fondasyon Levi Strauss, Gap Inc ak Fung (1937) Management Ltd.



International
Labour
Organization



WORLD BANK GROUP